



SEC

OFFICE of INVESTOR
EDUCATION and ADVOCACY

Before You Invest, **Investor.gov**

PRAN PREKOSYON AK Fwod Envestisman

ki Vize Kominote Ayisyen-Ameriken an



**SEC's Division of
Enforcement a pouswiv
fwod ki vize kominote
Ayisyen-Ameriken:**

**SEC Chaje Rezidan Florid
yo \$ 2.3 milyon dola pou
Fwod Ponzi ki vize kominote
Ayisyen-Ameriken an**

[https://www.sec.gov/litigation/
litreleases/2022/lr25521.htm](https://www.sec.gov/litigation/litreleases/2022/lr25521.htm)

**SEC Chaje Rezidan Florid
ki devlope yon Fwod Ponzi
ki vize kominote Ayisyen-
Ameriken an**

[https://www.sec.gov/litigation/
litreleases/2022/lr25452.htm](https://www.sec.gov/litigation/litreleases/2022/lr25452.htm)

**SEC Chaje Konseye ki ap
jere Fwod Ponzi ki Sible
kominote Ayisyen an**

[https://www.sec.gov/news/
press-release/2019-234](https://www.sec.gov/news/press-release/2019-234)

Fwod investisman ka vize kominote oswa gwoup ki gen lyen komen, ki gen ladan gwoup ki baze sou gwoup etnik, nasyonalite, relijyon, oryantasyon seksyèl, sèvis militè, ak laj. Eskwokri sa yo eksplwate konfyans ak amitye ki egziste nan gwoup yo. Eskwo yo vize Ayisyen-Ameriken yo pou fwod investisman yo.

Eskwo yo ka (oswa pretann yo) fè pati gwoup yo ap eseye eskwoke yo. Yo ka chache viktim yo an pèsòn oswa atravè medya sosyal. Eskwo yo ka anwole lidè gwoup yo, ki ka pa konnen investisman an se yon fwod epi yo ka rekrite lòt manm yo.

Pa janm fè yon investisman ki baze sèlman sou rekòmandasyon yon manm nan yon gwoup kote ou fè pati. Fè rechèch sou bakgrawonn moun ki ap prezante investisman an ak sou investisman an tou, menmsi se yon moun ou fè konfyans kif è ou konnen opòtinite investisman sa. Yo kapab te twonpe moun ki ap prezante investisman an epi fè l kwè ke investisman an lejitim pandan se pa sa.

3 Konsèy pou Evite Fwod Envestisman

1 Tape non moun k ap prezante investisman nan zouti rechèch sou **Investor.gov**. Konfime si moun nan aktyèlman anrejistre oswa lisansye, epi chèche konnen si moun nan gen nenpòt ki istwa disiplinè avan.

2 Ak anpil atansyon revize tout materyèl sou opòtinite investisman an, **poze kesyon**, epi sèvi ak **baz done EDGAR SEC** a pou fè rechèch sou investisman an.

3 Fè atansyon ak nenpòt investisman ki pwomèt gwo benefis ak ti kras **risk** oswa ki pa gen risk ditou. Gwo garanti sou benefis yo se yon siy alèt pou fwod investisman.

SEC's Office of Investor Education and Advocacy a ap bay enfòmasyon sa yo kòm yon sèvis pou investisè yo. Sa a se pa yon deklarasyon ofisyèl SEC oswa yon entèpretasyon legal. Si ou gen kesyon sou siyifikasyon oswa aplikasyon yon lwa oswa yon règleman, tanpri konsilte yon avoka ki espesyalize nan lwa sekirite.